

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Pangajaran nulis minangka salah sahiji aspék tina kaparigelan basa. Éta kaparigela téh reket patalina jeung kaparigelan séjénna. Pikeun nyangkem kaparigelan nulis, ilaharna dimimitian ku prosés ngaregepkeun, nyarita, jeung maca, anu satuluyna diteruskeun kana kaparigelan nulis.

Tarigan (2008, kc. 3) nétélakeun yén nulis mangrupa salasahiji kaparigelan basa anu dipaké pikeun komunikasi sacara teu langsung. Nulis ogé bisa disebut minangka hiji kagiatan anu produktif jeung éksprésif. Kaparigelan nulis téh bisa hadé saupama kudu dibarung ku latihan sarta parigel dina ngolahna.

Pangajaran nulis anu kiwari dianggap hésé ku siswa. Ku sabab, lian tara maké basa Sunda siswa ogé kurang parigel dina néangan ide jeung kecap-kecap anu *variatif* dina ngarang, sarta kurang parigel dina matalikeun unggal kalimah ti mimiti nepi ka ahir sangkan nyiptakeun tulisan anu merenah tur mibanda harti jeung maksud.

Dina pangajaran basa Sunda lian ti basana nu dianggap hésé, dina nyarita, ngaregepkeun, maca, jeung nulis ogé dianggap hésé. Komo dina pangajaran nulis, hususna nulis wawangsalan sok dianggap hésé lantaran loba siswa anu can bisa ngagunakeun kekecapan basa anu merenah.

Kamampuh siswa kana pangajaran nulis téh héngkér atawa asor, kitu deui dina nulis wawangsalan. Siswa nganggap yén nulis wawangsalan téh hésé, katitén tina hasil panalungtikan saméméhna ku Putri Sri Jayanti anu judulna “*Média Puzzle* dina Pangajaran Nulis Sisindiran (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa kelas VIII H SMP Negeri 5 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)” yén niléy rata-rata *pretestna* 65,46. Hartina siswa can mampuh ngahontal KKM anu geus ditangtukeun nyaéta 80. Nilik kana éta pasualan, guru diperedih méré bongbolongan sangkan bisa ngungkulan pasualan dina nulis sisindiran utamana nulis wawangsalan. Lian ti éta, minat siswa kana pangajaran basa Sunda téh kurang. Éta hal balukar loba siswa anu geus teu maraké basa Sunda di lingkungan

sabudeureunana anu mangaruhan kana komunikasi, utamana dina basa sapopoé anu geus pacampur jeung basa séjén.

Pangajaran wawangsalan téh luyu jeung kurikulum anu dipaké di sakola, hususna kelas VIII nyaéta Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP). Dina Standar Kompetensi Kompetensi Dasar (SKKD) KTSP salah sahiji Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda di SMP/MTs kelas VIII nyaéta aya pangajaran wawangsalan anu kaasup kana sisindiran. Anu kompetensi dasarna nyaéta mampu nulis pikeun ngébréhkeun pikiran, rasa, jeung kahayang dina wangun sisindiran, surat, esai, laporan jeung guguritan. Sedengkeun dina kompetensi dasarna nyaéta nulis sisindiran. Dina nulis sisindiran murid dipiharep mampu ngébréhkeun rasa, pikiran jeung kahayangna sacara tinulis dina rupa-rupa karangan. Salasahijina nya éta nulis wawangsalan.

Dina ieu panalungtikan dihususkeun nalungtik ngeunaan nulis wawangsalan. Baheula mah sisindiran kaasup wawangsalan téh sawatara dipaké pikeun alat komunikasi dina kahirupan sapopoéna ku para luluhur urang ([http://file.upi.edu/browse.php?dir=Direktori/FPBS/JUR/PEND. BAHASA DA ERAH/196307261990011-DEDE KOSASIH/PDF/Artikel/](http://file.upi.edu/browse.php?dir=Direktori/FPBS/JUR/PEND.BAHASA_DAEERAH/196307261990011-DEDE_KOSASIH/PDF/Artikel/)). Ku sabab wawangsalan téh warisan ti luluhur urang, sarta kaasup kana salah sahiji budaya Sunda, ku kituna, urang salaku urang Sunda kudu ngamumulé budaya urang sorangan sangkan budaya urang téh henteu “jati kasilih ku junti”.

Dina nulis wawangsalan, siswa nyanghareupan sababaraha pasualan, nyaéta dina guru wilangan anu sok leuwih atawa kurang tina jumlah engang anu geus ditangtukeun, éjahanana anu can bisa nagbédakeun huruf vokal e, eu, jeung é, dina ngagunakeun koma (,) jeung titik (.) dina unggal tungtung padalisan, sarta ketepatan pangarang dina milih diksi anu luyu jeung eusi wangsalna.

Dumasar kana masalah anu dipedar di luhur, kudu aya hiji tarékah pikeun ngungkulan masalah nulis wawagsalan sangkan siswa parigel. Salah sahijina nyaéta ngagunakeun modél pangajaran. Kiwari réa modél pangajaran anu dipaké dina kagiatan diajar-ngajar, salah sahijina nyaéta modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW). Modél TTW diwanohkeun ku Huinker & Laughlin, nurutkeun (Yamin jeung Ansari, dina Dewi 2014) ieu téhnik téh diwangun ngaliwatan prosés

mikir, nyarita jeung nulis anu dirancang pikeun mekarkeun kamampuh ngaréngsékeun pasualan.

Dina ngagunakeun ieu modél, dipiharep siswa anu bisa jeung teu bisa, bisa leuwih lancar ngagunakeun kekecapan basa Sunda, sarta bisa ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh nyarita ku basa Sunda. Ku sabab dina ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* siswa dipiharep bisa ngébréhkeun eusi pikiranana ngaliwatan prosés mikir, nyarita, tuluy diébréhkeun dina wangun tulisan.

Panalungtikan anu ngagunakeun Modél *Think-Talk-Write* (TTW) téh lain nu munggaran. Saméméhna kungsi aya nu geus nalungtik dina wangun skripsi, diantaranya: “Modél Pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) dina Pangajaran Nulis Laporan Siswa Kelas VIII A SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2012/2013” ku Ayu Yuningsih (2009); jeung “Modél *Think-Talk-Write* (TTW) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Guguritan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-A13 SMP Negeri 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013” ku Leni Risna Nuraeni (2009).

Pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis, utamana nulis wawangsalan henteu ngan saukur kudu milih média pangajaran, tapi modél pangajaran ogé perlu pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis wawangsalan.

Tina sababaraha panalungtikan anu geus aya, mémang aya sasaruuan dina ngagunakeun modél pangajaran anu dipaké, tapi dina panalungtikan saméméhna, bédana can kungsi aya anu nalungtik wawangsalan maké Modél Pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW).

Nilik kana tinimbangan di luhur, panalungtikan anu judulna “Modél Pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Wawangsalan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-D SMP Negeri 26 Bandung Taun Ajaran 2015/2016”, perlu dilaksanakeun.

1.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap.

Astri Mustika Maulida, 2016

MODÉL PANGAJARAN *THINK-TALK-WRITE* (TTW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WAWANGSALAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. Kumaha kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-D SMP Negeri 26 Bandung saméméh diajar ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* (TTW)?;
- b. Kumaha kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-D SMP Negeri 26 Bandung sanggeus diajar ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* (TTW)?; jeung
- c. Naha aya bédana anu signifikan kamampuh nulis wawangsalan nu ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* (TTW)?.

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun numuwuhkeun rasa kareueus kana nulis sisindiran hususna wawangsalan, umumna ka rumaja-rumaja kiwari anu langka reueus kana nulis wawangsalan, utamana siswa kelas VIII-D SMP Negeri 26 Bandung Taun Ajaran 2015-2016.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun :

- a. kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-D SMP Negeri 26 Bandung saméméh diajar ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW);
- b. kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-D SMP Negeri 26 Bandung sanggeus diajar ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW); jeung
- c. bédana anu signifikan kamampuh nulis wawangsalan ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW).

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, hususna pikeun nu nyusun, umumna pikeun lembaga atikan, sarta pihak-pihak lembaga séjén anu boga kapentingan kana hasil panalungtikan. Mangpaat ieu panalungtikan kabagi jadi dua bagian, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis anu dipiharep tina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. pikeun ngeuyeuban métodologis téori pangajaran Basa Sunda hususna pangajaran nulis wawangsalan siswa SMP kelas VIII atawa satata; jeung
- b. meunangkeun atawa nimukeun prinsip-prinsip nulis wawangsalan anu ngawengku pemilihan diksi, éjahan, sarta hubungan anu rélevan antara eusi jeung wangsalna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Anapon mangpaat praktis anu dipiharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan, nyaéta:

- a. pikeun guru, bisa jadi *alternatif* diajar-ngajar basa Sunda, utamana dina ngajarkeun kaparigelan nulis ngagunakeun basa Sunda anu bener tur merenah, sarta guru bisa leuwih kréatif jeung inovatif dina nepikeun matéri ngeunaan sisindiran hususna ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* (TTW);
- b. pikeun siswa, sangkan leuwih resep tur rajin dina nulis sisindiran, lain ngan saukur dina pangajaran nulis sisindiran wungkul, tapi aya kahayang dina dirina sorangan iraha jeung dimana waé tanpa aya tuntutan ti luar; jeung
- c. pikeun anu nalungtik, bisa ngeuyeuban pangaweruh anu patali jeung modél *Think-Talk-Write* (TTW).

1.5 Raraga Tulisan

Bab I Bubuka, anu ngawengku judul panalungtikan, kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan sacara tioritis jeung praktis, jeung sistematika penulisan.

Bab II Landasan Tiori, anu ngawengku ngeunaan tiori anu aya patalina jeung masalah anu ditalungtik diantarana medar ngeunaan Modél Pangajaran jeung Wawangsalan.

Bab III Metodologi Panalungtikan, anu medar ngeunaan métode anu dipaké dina ieu panalungtikan, diantarana nyaéta ngeunaan métode anu dipaké dina ieu

panalungtikan, diantarana nyaéta, desain panalungtikan, téknik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV Déskripsi jeung Analisis Hasil Panalungtikan, anu ngawengku kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-D SMP Negeri 26 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW), ngaronjatna nulis wawangsalan siswa, jeung béda anu signifikan kamampuh nulis wawangsalan nu ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* (TTW).

BAB V Panutup, anu ngawengku kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi hasil panalungtikan.